



This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by [UNESCO](#) and the [Council of American Overseas Research Centers \(CAORC\)](#) in cooperation with the [West African Research Association](#) and [Columbia University](#).

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: <http://catalog.crl.edu/search~S16>
- African Language Materials Archive (ALMA): <http://www.dlir.org/e-books.html>
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at <http://alma.matrix.msu.edu>.



XOL YU FIEES

Taalifi jigéeni kaw gi



PENC - OXFAM AMERIG - TOSTAN

XOL YU FEES

Taalifi jigéeni kaw gi

PENC - OXFAM AMERIG - TOSTAN

BUUMI XALAMI WEEN

Woyi xol, woyi ruu, woyi naqar, woyi coono, woyi muñ, woyi mbëggeel, woyi sëy ñoo ëmb lépp lu jigéen dencoon, fas yéene koo jébbal pénc ma ngir askan wi déglu leen, settantal seen mbind yi, seetu ci, gis ci boppam, faj ci ay jàngoroom.

Jàng ci làkki réew mi moo nàmpal jigéen ñi, boot leen, teete leen, gunge leen, sosal leen ay woy, fental leen téere bu am solo, wëlbatì seen jamono. Mbind mi, deretal na ni bépp coono bu gaañ-gaañu xolu jigéen, woy na ko. Jàng ci làkki réew mi jébbal na kàddu gi jigéen ñi ngir téere bu rafet meññ, keppaaram ak ay doomam, askan wi mën cee noppalu, lekk ci.

Tey jii bir na ñépp ni "góor-góorlu" doon na "jigéen-jigéenlu" - *te weenu jigéen ni mu sège, noonu la xel mi taxawe...* Góor du dem muk, jigéen des ginnaaw.

Su jant bi génnee, fekk na jigéen xëy na ba fajar xaree te amatul tëraay. Sargal jigéen wareef la.

Nanu sóobu ci géeku woy yi, soppi sunu gis-gisi démb yi, ay ngëneel baawaan ci askan wi.

Ceerno Saydu Sàll

AAWO CI KĚR GÓOR GU BON

Xalaas ! Man, dey, waaru naa !
Man, aawo ci kër góor gu bon,
Sonn naa.

Damaa jóg ba kenn jógulee
Damaa séy ba kenn séyulee
Lépp ngir bëgg ndam.

Xiif naa fi lool.
Mar naa fi lool.
Lépp ngir bëgg ndam.

Jànkonteek ay metit,
Saytu fiy tiis.

Góor gu bon, loo ma faye ?
Nga xaar ba ma màgget lool,
Jaboot lool,
Nga wuti xale bu ndaw
Teg ci sama kaw.

Gisatuma la
Déggatuma la.

Loo am, jox ko.
Loo dégg, wax ko.

Su nu xuloo, nga ne maa tooñ
Su nu xeexee, nga génne ma.
Kër gi, amatuma fi baat.
Waxatuma laak samay doom.

Kon li ma doon wut, mu di ndam,
Ndax dinaa ko am ?
Yaakaaruma ne dinaa ko am.

Wolof Njaay nee na :
Sébb, bu dee tàkk
Loo ci ji, du sax.

Soxna Ngiraan

YARLUWAAN

Ba ma tolloo ca sama juróom-ñaari at
Ma xam, xammee.

Samay waajur yékkati ma
Dénk ma sama ndey ju ndaw
Te ne ko : "Ay yaxam lañu la laaj".

Ma jóg ànd ak moom
Nu dem këram.
Ba ma toogee ay bés,
Maay def
Ma def lu ma mën
Ak lu ma mënul.
Di yaakaar
Saa yu ma xëyee, ni
Téy laay ñibbi.

Bés yi di dem
Weer yi di dem
At yi di dem.
Sama nàqar di gëna yokku
Sama liggéey di gëna metti.

Lekkatuma ba suur
Naanatuma ba mändi
Fajar laay jóg
Nekk ca liggéeyu kër ga.

Maa nga ca póot ma
Maa nga ca bale ba
Maa nga ca soq ma
Te su ma toogee
Ñu ne ma :
"Jógal !"

Duma nelaw guddi ak bëccëg.
Boolewuñu ma ci nit ñi...
Ab jirim laay nirool.

Yaakaaruma ni sama coono bi dina deñ
Ndax saa yu ma xëyee,
Am naa lu ma def
Te maay mujja tēdd.

Waaye maa ngi ñaan Yàlla
Bés bu ma amee doom
Du doon yarluwaan.

Ummi Xayri Njaay

NJIITU TEY

Man dey, maa waaru ci njiitu tey.

Njiit lii jóox ci sunu biir

Ñu yabal ko ci sunu biir

Nun kaw-kaw

Ngir mu ànd ak nun liggéey

Nun kaw-kaw

Mu war noo yee ak di nu teete

Nun kaw-kaw

Mu wara doon puso di ñaw ci sunu biir

Nun kaw-kaw.

Mu faf doon paaka di nu dagg

Di nu saam ay cér ci sunu biir

Nun kaw-kaw

Man déy, maa waaru ci njiitu tey.

Njiit lii jóox ci sunu biir

Nun kaw-kaw

Di nu dig lu nu dul teg bët mukk

Di jàll ci sunu kaw

Di wut alal ci sunu kaw

Di nu nelawal fu nu tollu

Nu di ko ñaaqal muy tedd

Di nu fitnaal fu mu tollu

Di muur sunu xel

Ngir bañ nu yewwu.

Man dey, maa waaru ci njiitu tey.

Njiit lii jóox ci sunu biir

Nun kaw-kaw

Di nu laaj ay gàtt ak ay ginaar

Di ko wutal jiwu, di ko daggali tool

Di ko bayal, di ko jëmbatal

Di ko fóotal, di ko soqal

Muy wut ci nun koom bay jënd aka jaay.

Man dey, maa waaru ci njiitu tey.

Njiit lii jóox ci sunu biir

Nun kaw-kaw

Lu way-dimbalekat yi indi ci réew mi

Ngir réew mi jëm kanam

Bu nu ca jotee sunu wàll, mu teg ca loxoo

Def koy cér ngir nu gëna tasaaroo

Ñii di ree, ñii di jooy

Te nun ñépp di mbokki neen.

Man dey, maa waaru ci njiitu tey.

Njàngum làkki réew siiw ba dee

Ku ne di ci yewwu.

Nun daara yi nu ci am di ci yaakaara yewwu.

Mu dugal ci loxoom,
Dugal ci tànkam
Di ci wut kilifteef
Ak fii maa fi nekk.

Njiit lii yóbbu na sunu fit, kasaare nu
Ba kenn jubootu fi,
Te nun ñépp boka maam.
Bu àndeek ñii di leen nax
Ba ñooña set wecc
Mu tóxu ànd ak ñeneen.

Man dey, maa waaru ci njiitu tey,

Nun kaw-kaw

CEY BII COONO !

Man xale bu jigéen laa
Man benn laa ci sama yaay.

Man maay fóot,
Maay taxani,
Maay togg,
Root meek bale bi man la war,
Maay setal kër gi ak li ko wër.

Dara waralu ko ludul
Li may xale bu jigéen.

Su ma liggéeyee ba sonn, ba tēdd
May xalaat, di xalaat, di xalaat àdduna,
Sama xol daldi jeex, ma daldi jooy
Ndax ñàkka xam
Kañ la coonoo bii di jeex.

*Xale yu jigéen yu
Daaray Bokk Jom*

GÀCCE NGAALAAMA
WAA BIRO YAXA MA JAM

Ci suba cuuy lañuy jóg
Wuti seen bérébu liggéeyukaay ba
Ngir nàq jariñu
Di faj seeni soxla
Di bañ ku leen yab
Te di leen wax - "*Ndeysaan !*"

Bala maa bég gaal teer
Ñuy xëccook góor ñi jën yi,
Di fippu, fas yéenee lakki yaaboy bi.
Ñii waasi kóoba bi,
Yax yi di leen jam
Ñu di leen sekki
Tey wéyal seen liggéey
Boole kook muñ ak faayda
Te gis nga, bala ñuy ñibbi
Timis weesu.
Jenn jigéen yabu leen !

As waay jóge fee
Yóbbu seen ñàq woowu
Ni mes ni ngelaw
Ba Amerig, mbaa Itaali.

Yeena diy jàmbaar !
Te kat seeni góor, ñu leen sopp lañu !
Ràññee nañu leen
Ak seen nemmaleek goongo yi.
Maa leen bëgg !
Maa leen sopp !
Yeen waa biro - *Yaxa Ma Jam.*

Xadi Jóob

ÑAKK WORMA

Nga takk ma, amoo dara.
Ma lay muñal, amoo dara.
Sama ndey di nu jàppale, bëggul dara
Di ma wodd, di ma xelal nan ma
Dunyaa du dara.

Mu di la jox, di la digtal
Te wutul ci yaw dara.
Mu def la taawam bu góor,
Fexeel la woto te ñàkkoo dara.
Ngay liggéey ci woto boobee
Ba am yeneen jaar
Te joxoo ko dara.

Xaaju guddi ngay tërsi
Fajar nga dem
Te doo joxe dara.
Nga ne nag lu mu guddi-guddi
Naa la nég ba nga tërsi
Ma jébbal la reer
Walla doo fi def dara.
Dëkke maa tooñ, di ma wut foo tollu
Seetattoo dara.

Gisattoo sama ndey ja la gindiwoon,
Seetattoo dara.

Sunu doom yi nu Yàlla dénk, xamoo leen.
Miinuñu la ci dara
Ndax tërsi xaaju guddi, ñuy nelaw,
Ngay xëy fajar yewwooguñu.
Xalaatoo leen ci dara.

Mënatuma koo muñ
Ñaan la baat, nga def kom siiw,
Bàyyeewoo ma dara
Ludul njaboot gu sew
Goo dootul xalaatati ci dara.

Yàlla mi dara tēwul
Mi ngi ma lay won leegi
Amatoo dara.
Léeg-léeg nga romb ma
Jóge àll ba yenu sayu mboob
Amatoo dara.

Ay, ñàkkakatu worma !
Xamoon nga ne
Yàlla du la seetaan
Ci dara.

BARI YËRMANDE

Billaay, maa bari yërmande !

Mënoon naa laa tooñ kepp

Fase la.

Waaye dama laa dóor ba nga tëdd

Ma fase la.

Maa bari yërmande !

Mënoon naa laa baña wodd,

Nga rafle ba ne fung

Ma fase la.

Waaye sér ya la say bokk daa wodde

Ngir sedd bi bañ laa gaañ,

Lépp jaay naa ko

Door laa fase.

Maa bari yërmande !

Mënoon naa laa xiifal, maral la,

Door laa fase

Waaye danga ma daan bayal,

Góob, bàcc, bojj, fat

Ma jaay lépp

Dem ca taax ya

Lekk koppar ya ba ñu jeex

Te doo leen mos

Ma door laa fase

Maa bari yërmande !

Mënoon naa laa xas guddeek bëccëg
Ba nga ràpp,
Ma door laa fase
Waaye dama laa sosai,
Jiiñ la njaaloo
Door laa fase
Maa bari yërmande !

Mënoon naa fukki bant ak ñett yii
Nu Yàlla dénk,
Ma xalaat fu ñu nekk
Ma door laa fase
Waaye damaa takkub séet ca taax ya
Ñibbil ko ba mu am at
Ma ñëw jaay kër gi
Door laa fase....

Billaay maa bari yërmande !

Sëynabu Jaañ

XALAAS CI DOOMI TEY

Emb juróom ñeenti weer,
Benn bés ñew,
Xaw laa gaañ.
Njaboot ñaari at,
Leppanti ñaari at.
Xiifaloo, maraloo
Tilimaloo, rafleeloo
Di teete, ba nga sol
Sa dàllu baay.

Ma jël sama yaakaar,
Def ci sama doom.
Mu tas sama yaakaar
Ne day naani sàngara
Di tóx yàmbaa,
Di dox, di gees.
Yót ma xas ci àddina.

Tas nga sama yaakaar
Ndax bu doom bonee,
Ñépp ne yaay ja.
Yaay bonul
Bay liggéey lu tollu ne kuy naan.
Yaay bonul
Bay liggéey lu tollu ne kuy gees.
Man déy, suux naa ci géēju naqar
Xalaas ci doomi tey !

Soxna Ngiraan

COONoy JIGÉEN

Ndeysaan !

Jigéena sonn te néew doole.

Xëy ca njël rooti, sóobug wol

Tàngal ndéego, bale, raxas

Dellu rooti, wëgg jur, yewwi, bale, wudd...

Ndeysaan !

Jigéena sonn te néew doole.

Yoor-yooru tool ba digg bëccëg

Dellu ca kër ga taal añ.

Yenu laax bu tàng

Dellu ca tool yaak doom

Juy wedeet-wedeeti

Jébbale añ, dellu ca kër ga.

Cey ! Bii jaabante ci naaj wu tàng

Taal reer, sóobub soq, fóof, sebeti wëcc

Dellu ca tool ya ba timis

Dukk-dukki wutsi kër gi

Tàngal reer, jébbale...

Ne ñuut cib lal,

Ganaar sab.

Ndeysaan !

Jigéena sonn te néew doole !

Ayda Njaay

WERADI

Ndeysaan wéradi metti na !
Foo tollu
Yaa ngi am ay xalaat yu ñaaw.
Soxlaatoo lekk,
Soxlaatoo naan
Ndax wéradi.

Bëggatuma mbubb mu baax,
Bëggatuma dàll wu baax
Ndax wéradi.

Fu ma tollu,
Sama xela ngi ci Yàlla
Di xool nit ku baax
Ku la mēna dimbale.
Doo xalaata toog fenn
Fudul fi ñu lay dimbalee.

Ndeysaan ! Céy wéradi !
Garab yu jafe ba dee
Li la wër, kenn toogatul.
Maa-mēnoo maa-mēn, nga dem fa seet
Sama alal jépp dem na.
Xaalis, takkaay, mbubb,
Lépp dem
Ndax wéradi.

Ndeysaan, wéradi metti na !
Ma ub sama kër,
Dellu ca yaay ak baay
Ndax wéradi.

Fu ma tollu maa ngi xalaat
Sama njaboot ga des ginnaaw
Gisatuma doom
Gisatuma boroom kër
Ndax wéradi.

Ndeysaan, wéradi metti na !
Maa ngi sant Yàlla
Santa war jaam
Wéradi gën na maa yee ci àddina.

Ndeysaan wéradi metti na !

Asta Njaay

MBOKKU TEY

Lu la metti tey
Sa mbokka la ko teg,
Paaka ba lay rendi
Sa mbokka koy daas
Ay mbokku tey !

Bu mbokk baaxoon ;
Ngepp du xar matt.
Bu mbokk baaxoon,
Ndox du togg jën.
Bu mbokk baaxoon,
Gittax du togg dugub.
Ay mbokku tey !

Mbokkay xam sa biir
Xam sa biti,
Génn weer la ca ja ba,
Jaay la.

Xanaa xamoo ne mbokk
Alalu Yàlla la ?
Ku ko wormaal,
Yàlla wormaal la,
Ku ko wormaalul
Yàlla ñakka la wormaal
Ay mbokku tey !

Li Yàlla moom
Te jaam bokku ci, mooy ruu.
Li jaam moom
Te Yàlla bokku ci, mooy jëf.
Li Yàlla bokk ak jaam bi,
Mooy ñaan.
Jaama yayoo ñaan,
Yàlla yayoo nangu
Ay mbokku tey !

BAADOOLO YI ÑOO KA SONN

Baadooolo yi ñoo ka sonn

Àll bi amul matt,

Amul ñax

Jur gaa ngi dee,

Amunu ndox.

Nun danuy dégg robine

Sunu teen yi wow kooṅ.

Danuy tàpp ba sonn

Baadooolo yi ñoo ka torox.

Sunu jigéen ñi sonn nañu.

Guddeeg bëccëg noo ngi nasal

Nun dey, jaaxle nanu

Ndax àll bii wow kooṅ.

Doy na waar

Xamunu fu nuy aw

Jigéen joo gis dafa wow kooṅ

Ndax xalaat ak coono yu metti

Baadooolo yi ñoo ka torox.

Xamunu fu nuy jaar

Faj sunuy jafe-jafe

Bu nawet jubee nuy tuñ-tuñi

Dunu am jiwu gerte, dugub,

Ñebbe, mboq, léppa jafe.

Mbayum noor danu koy dégg
Amunu benn tooy-tooy
Xamunu luy fooraas
Danu koy dégg,
Lujum ji xamunu fu muy ñore.

Góor ñiy taxawaalu
Di dem ca taax ya,
Ñu di leen delloosi
Lépp ngir ñàkk lu ñu mēna def.

Sonn nanu, jaaxle nanu,
Xalaas!
Baadoo lo yi ñoo ka sonn !

Soxna Faal

SESUMA CI KENN

Sama baay faatu,
Sama ndey di mag, amul, mënul
Sama boroom-kër du cëslaay
Yërëmu ma.

May xale bu tuuti,
Amuma doole
Sësuma ci kenn.
Sama boroom-kër jàppe ma jaam
Sësuma ci kenn.

Ma koy xéyal,
Di ko gontal
Di ñaq, muy tedd.
May liggéey ci kër gi,
Di liggéey ca tool ya.
May yor njaboot gi,
Yor jur gi te duma dégg "*Jaajëf !*" mukk.
Sësuma ci kenn.

Baay faatu, muy tiis
Sama ndey di mag,
Amul, mënul
Sama boroom-kër du cëslaay,
Yërëmu ma!

May xale bu tuuti,
Amuma doole
Sësuma ci kenn.
Amuma nijaay, amuma càmmiñ
Sësuma ci kenn.
Sama boroom-kër jàppe ma jaam
Sësuma ci kenn.

Soluma mbubbam, soluma dàllam,
Mu jàppe ma jaam
Sësuma ci kenn.

Du ma jox saabu,
Du ma jox petorol,
Waxuma laak sondeel
Mu jàppe ma jaam
Bu bëggul dara
Bu warula am dara.
Bu fas yi naanul
Mu song ma,
Bu xar yi
Naanul
Mu song ma
Mu jàppe ma jaam,
Ma dëkke root
Ci waxtu wu ne.

Bu ma woppee,
Du ma faj
Bu sama doom woppee
Du ko faj.
Mu jàppe ma jaam
Di ma jëfandikoo
Te bu woppee jàlax ma
Ma dëkke jooy
Te duma am kenn ku ma nax
Sësuma ci kenn.
Xanaa ci Yàlla
Sama boroom-kër bu xéyee
Mi ngi ci boppam,
Bu gontee mi ngi ci boppam.

Xam na ne
Sësuma ci kenn
Xam na ne
Amuma fu ma jëm
Xam na ne
Duma dem bàyyi fi njaboot gi
Sësuma ci kenn.

Baay faatu, muy tiis
Sama ndey amul, mënul,
Sësuma ci kenn.

JII JAMONO

Céy ! Jii jamono maa ka cee waaru
Xamatuñu tooñ
Fayyu lañu xam!

Doomu ndey xoolal sa kanam
Te geestu sa ginnaaw
Xamal ne àdduna loo fi gis dafay jeex.

Tàkk-tàkk boo gis day mujj nekk dóom
Kon bësal sa xol te xeex ak sa bakkan
Néegub sutura ngora koy yëkkati
Waaye xela koy tëye.

Kon rabatal sa xel te yër sa xalaat
Ci fii ak fa nu jëm.

Sooda Fay

SEYA BARI COONO

Xam naa ni kenn gënu maa sonn
Man mi nekk ca wolu wa
Di jànkonteek dewnde ja
Ca teen ba
Jóge ca dem ca waañ wa
Di jànkonteek saxaar sa ak tangaay wa
Te su matt dikkee ci kër gi
Maa ko fi indi.
Xam naa ni kenn gënu maa sonn.

Su ma taalee ba yakk
Sama goro bi ci kër ne ma "Accam,
Li nga togg dara baaxu ci !"
Di wut lu ma naqari mbaa lu ma metti
May wut lu ko neex naan ko
Indil ma fóotal la ; paaseel la say yéere,
Mu naan : "Bëgguma, bàyyil samay yëf."
Waaye duma ko wuyu
Ma jël rekk fóot ba mu set wecc
Ma paase ba mu ne nerr
Mu naan ma :
"Àccam, li nga def dara baaxu ci."
Bu sama goro toogeek sama njëkke
Ma dem toog ca wetam di waxtaan.
Su ma waxee ñu dummooyu ma.
Xam naa ni kenn gënu maa sonn.

Maa waaru ci goroy tey !
Dañuy wujjeek seen jabari doom.

Man déy lii jaaxal na ma
Xam naa ne kenn gënu maa sonn.

Faatma Saar

TASKATU YAAKAAR

Ma yaakaar la,
Diis la sama soxla
Gàntuwoo ma, ma dem wuti feneen
Ludul nga di ma jaabanteloo.
Naan ma tey, ëllëg, sibbir
Guddi, bëccëg, suba ak ngoon
May dese yaakaar.

Nelawatuma di mébët fu ma tollu
Nga di ma xëllamtoo ay paasi nitt
Nga tàmbali di ma nëbbu
Ma lay xaar ba timis
Di dajjantu ci taati garab yi
Say surga di ma tuutal
Xeeb ma lool ba ma rus
Sama yaakaar tas, ma toog

Moone li ma la yaakaare danu koo séqoon
Tollu na jëmmi jamono
Maa doon yaw, ngay man
Umpantewunuwoon ci dara.

Gëm naa Yàlla, du ñanki
Lu metti-metti duma nettali
Fàtte naa sama jafe-jafe yu tar yii
Ngir xalaat ni nga réere laawu

Su ma mēnoona jot ci yaw
Ba la ak sa alal te gindi la ci laawu
Balaa sa yaakaar di tas ëllëg
Naagu nga ba ñëppa ngi lay soow.

Taskatu yaakaar defal ndànk
Alal saxul, ndénkaane la
Tey yaw, ëllëg sa moroom.

Taskatu yaakaar délloosil sa xel
Di xamle li ngay mën
Ki ngay nax du la weg abadan.

Séynabu Jaañ

NOO JAAXALE

Góor, jigéen, mag, ndaw, ñéppa jaaxle !
Lu ko waral ?

Jànq, waxambaane, ñéppa ngi taxawaalu.
Waxambaane yaa ngi dëkke kuppe
Ci pénc mi suba ak ngoon
Di taxawaalu ci àll bi
Noo jaaxle !

Góor, jigéen, mag, ndaw
Ñéppa ngi taxawaalu.
Léeg-léeg ñu xeexoo ci seen biir
Bay gaañante,
Di xuloo fu ñu toll ngir bari jot.
Bu ñu xiifée lool, dugg ci àll bi di rëbb
Jàpp jaar, mbët, xaat lakk, lekk
Dellusi ci dëkk biy taxawaalu.
Noo jaaxle !

Góor, jigéen, mag, ndaw, ñéppa ngi jaaxle !
Jànguñu, xamuñu dara
Liggéeyuñu, amuñu dara
Baay yi jaaxle, yaay yi jaaxle
Jànq ji jaaxle, amuñu ku leen takk
Benn kër, juróomi jànq
Kénn takku leen...
Jaaxle nañu !

Waxambaane ya jotoona dem ca taax ya
Ñii dellusi nañu

Ndax tumurànke, indiwuñu dara.

Ña ca des, jàpp nañu leen,

Ña nga ca kaso ba

Noo jaaxle !

Góor, jigéen, mag, ndaw, ñéppa jaaxle :

Waxambaane yi, amuñu liggéey

Amuñu jiwu.

Ku ci jëmbat ñetti banti nàmbi,

Dellu tëddaat.

Ñi ñu joxewoon ñu jàng liggéeyu xarala

Ñi ngi taxawaalu ak seen xam-xam

Amuñu benn jumtukaay

Waxumalaak di liggéey dara

Noo jaaxle !

Góor, jigeen, mag, ndaw, ñéppa ngi jaaxle!

Am sa ndey, war koo defal, war koo

dimbale mënnoo ko, metti na.

Am sa baay, war koo awwu, mu noppalu

Mënnoo ko, metti na.

Nga wara labal, di def, di dindi

Mënnoo ko, metti na

Noo jaaxle !

Góor, jigéen, mag, ndaw

Ñéppa ngi jaaxle !

Ami Baabu

CÉY AAWOO I

Man mii di aawo ci kër gi,
Maa sonn
Man aawo mii jiitu ci kër gi,
Te kenn jiitalu ma ci dara
Maa sonn.

Man mii toog ci kër gi
Ba jur fi samay nawle.
Ma toog ba jëmmi jamono.
Yaw, sama sërîñ, nga indi ci kër gi
Keneen muy jabar ne man,
Nga teg ko ci sama kaw.

Naan ma kii maa ko fal,
Kii maa ko aj
Ku ko nara folli, abal ma kër gi.
Ma toog di muñ,
Di jànkonteek sama naqar
Ndax njaboot, céy ! jaboot moo sonn.

Bu ma jógoon tey di dem,
Góor gu ma ne yawa,
Nga ne ma du man
Ndax lu ànd aki doom
Almet doy na ma ca.
Ma toog di muñ
Di jànkonteek sama naqar, ndax njaboot.

Céy aawo !
Man mii di aawo ci kër gi
Maa sonn

Céy doom, fàttalikul
Samay coono ci biir kër gi.
Soo màggee, fajal ma Samay ranqooñ
Ndax ma fàtte samay coono,
Ci biir kër gi.

Faatma Saar

SEY

Jongama,
Déglul ma wax la
Li ma xam ci séy !

Séy warugar wu tiis la
Wu yàgg te tar,
Waaye boo ko muñee,
Naqar wa romb lay wéy.

Jongoma,
Bul xàddi mukk
Ndax jafe-jafe yu tar yii làmbu ci séy
Boo ko muñee,
Naqar wa romb lay wéy.

Jongoma,
Séy yoon wu yàgg la,
Xur ya ak tund ya
Mënuma leen a misaal,
Boo ko muñee,
Naqar wa romb lay wéy.

Bànnexu séy duy at mbaay weer,
Ay saa rekk la, nga romb koy wéy,
Lee-lee, mu metti lool te tar ba nga waaru.
Geestul, xool njaboot gi,
Te yéemu, bul xàddi.

Boo ko muñee,
Naqar wa romb lay wéy,
Jongoma,
Boo duggee ci néegu séy,
Sóobu ci géeku naqar, lab ca, naan ca
Ba nàndi, amal fit, ngor te muñ
Naqar wa romb lay wéy.

Jongoma,
Bu njaboot gi mäggee,
Sóobu ci géeku bàñneex
Ak ay xéewal yu dul jeex,
Naqar wa romb lay wéy.

Jongoma,
royleen ci sunuy maam
Jaara Buso ak Yaasin Buubu
Dañoó muñoon, màndu,
Naqar wa romb leen di wéy.
Ñu sóobu ci géeku bàñneex,
Mu baawaan ba wër dunyaa
Ak li ko wër.

Mareem Faal

NUN AAWO YI, DÉGLULEEN NU,
NU WAX LEEN

Nun aawo nooy dàllu kër gi
Soo soloo ba jekk
Te amoo dàll doo dem.

Nun aawo yi nooy mbaamu kër gi.
Nanu góor-góorlu
Te jëm ci liggéey bi.

Kuy liggéey doo sonn,
Nanu jublu ci liggéey bi.

Bunu nég ku nu gërëm
Bunu nég ku nu ne jërëjër,

Nun aawoo, liggéey bi noo ko yayoo
Bunu nég ku nu ne jaaraama,
Nun aawo bu nu sonn, bu nu tàyyi
Nun aawo nooy dàllu kër gi.

Soo soloo ba jekk
Te amoo dàll doo dem,
Nun aawo nooy mbaamu kër gi
Bunu xultu bunu jàmbat,
Te bunu sonn.

Nun aawo, nanu góor-góorlu ci liggéey bi,
Góor ñi ku leen topp dinga yàqule
Li leen jig, jigu nu
Kon bunu yàqule.

Fa seen tànk ak seen làmmiñ yegg,
Dunu fa dem,
Bu nu fa béggee dem di yàqule.

Ndaag Kan

ÑAQ DU REER

Jigéeni kaw gi, reeleen !
Maam yaa liggéey,
Nu koy aña.

Jàmbaari jigéen yi fiiru tey,
Ñii ñoo liggéey
Nu koy aña
Bojj, taxan, soq, root,
Ñii ñoo liggéey,
Ñu koy aña.

Xoolal bu bàq tooyee
Ba góor ñi jóg taxaw,
Jàmbaari jigéen ñi jóg njël
Togg ndéego, for yoonu tool
Konko, larmet, illээр
Ñii ñoo liggéey,
Nu koy aña.

Jàmbaar yaa ngay kañu te naan
Bàq tooy na bari jàmm,
Tey ma jam ko, jami yaaram.
Naaj wa tàng, doom yadi jooy
Yuul ya di dal,
Ñii ñoo liggéey
Nu koy aña.
Jigéeni tey dañuy togg,

Fóot di raxas,
Maam yaa liggéey,
Nu koy aña.

Masinay bojj, soq, wol.
Kon maam yaa liggéey
Nu koy aña

Nanu jóg jàngí saytu
Ngir saytu liggéeyu maam ya,
Saytu masinu soq bi,
Saytu masinu wol bi,
Nanu saytu liggéeyu maam ya
Ndax du réer.

Faatumata Njaay

JAARAAMA JIGÉEN ÑI

Maa ngi leen séen
Ngeen tegale ca fajar ga
Seen damba ya di wutti.
Ndaxam booba dey
Maa nga tegale sama paan
Jëm ca teen ba
Di rooti, di yakkantee
Feesal samay ndaa
Ba dabi leen ca yoor.

Nun jigéeni Senegaal
Sonn nanu waay !
Ñaq jariñu, sonn, tedd
Bu nu royee ci nit ñu baax ñi
Tey sàmm jikko yu baax yi.
Sunu njalbéen dina baax
Sunu muj dina baax.

Ndaxam jongoma, góor-góorlu
Jigéen joo gis.
Muj gu rafet la
Ca ëllëg sa.
Bu dul ci moom
Di ca njabootam.
Nanu leen raññatle
Jikkó yi ci réew mi
Am na jikkó yu jekk

Am na safaan.
Sangu ba set
Topp biró yi di taxawaalu
Ak di ñaanaatu
Di wut loo am, lii ñaaw na.
Yewwu njël liggéey sa liggéey
Dem jaayi,
Nëw dundal sa njaboota gën
Doom ji lay xool
Ngay sonn, di tedd
Bu màggee ca loolee rekk laay jaar.

Boo yoree doom ju jigéen
Mu lay xool
Ngay taxawaalu ak di ñaanaatu,
Loolee rekk lay xam
Bu séyee, du fa def lu baax
Du fa toog.

Day taxawaalu ak di ñaanaatu
Ndax loolee rekk la xam
Fu mu tollu di wut lu mu am.
Bu dee doom ju góor
Muy xool ca baay ba
Dëkk ci garaam-palaas,
Bu màggee defe ne damye
Ak taxawaalu rekka war.

Astu Njaay

SAMA SÉY BII!

Damaa xool gis ne
Góor ñu baax ñaa ngi fi
Kon góor gu bon seetal
Ci say nawle
Boo gisee ni sa nawle yi
Yore seen kër
Dinga mēna soppeeku
Ba doon góor gu baax.
Yaw góor gu bon delloosil sa xel
Ba ma àndeek yaw yàgg na
Ay at yu bari te metti
Amoowoon, mēnoowoon.

Yaw góor gu bon delloosil sa xel
Foo ma mēsa yóbbu, ma toog
Ne doj, duma yēngu
Foo ma mēsa teg
Ma tegu fa ne tege.
Tey dem nga ba xam
Ne yor nga jeneen jabar
Nga fàtte ma
Fàtte fu nu mēsa jaar
Bu ma duggee sa néeg
Nga génne ma.
Joxoo ma añ
Joxoo ma reer
Joxoo ma mbuub
Joxoo ma dàll.

Maay wuti, di tuñ-tuñi
Lépp ngir njaboot
Bu ma tooge ba bëgga
Dab sa bänneex
Bëgga waxtaan ak yaw
Doo ma may kanam
Walla nga saaga ma
Jànni ma.

Yaw góor gu bon delloosil sa xel

Sama xel ñaaw

Sama xol metti

Ma seet ne amuma fi ndey

Amuma fi baay

Yaw rekk laa fi am

Nga wara nekk sama lépp

Nga walbatiku nekk

Ki may toroxal

Di ki may gâceel.

Di ki may néewal doole

Di ki may jooyloo.

Yaw góor gu bon delloosil sa xel

War nga muñal

Xam ni jigéen matul

Bu jigéen matoon

Kenn du ko muur guddi di ko joxe

Yaw góor gu bon delloosil xa xel.

Kumba Juuf

XALAAS CI JAMONOTTEY

Damaa wérul ndax diggante root
Soq ak wol
Di togg, di taxan
Di fóot, di dukk-dukki
Fu ma tollu wéradi dab ma
Te lii lépp mënula ñàkk.
Damaa jaboote góor
Ñu féeteek seen baay
Di ko guddil
Di ko bëccëgal.
Ñoo nga ca tool ya
Ñoo nga ca fas ya
Ñoo ngay wëgg
Ñoo ngay gubi
Noo ngay sàmmi.
Njaboot gu jigéen gi
Ma yor njaboot gu sew la
Mënul dara
Mënalul kenn dara.
Amul róbine
Amul teen bu am ndox
Amul masinu wol
Dafay dox dëkk ak dëkk
Ndax fukk nu lekk
Ma di ko xalaat fu ma tollu
Mu di ma teree nelaw guddi.
Mënumaa dëkke jéem

Ndax dinaa ko jéem
Ndax dinaa ko fekke
Sama wujj bañul
Ku baax la
Waaye mënula dëkke
Di ma dimbali
Te yor njaboot gu sew.
Damay rus ba yàgg may jooy
Boole kook metit wu tar
May miir, lekk gu sotti
Ma ni suur naa
Paj mi metti
Garab yi jafe
Wopp ji yàgg.
Céy man ndax dinaa mësà wér.

Wéradi moo ma yàqal
Sama àddina
Yàlla naa dund
Ba di ko fàttaliku
Jaboot moomul boppam
Maa ngi sànt Yàlla
Di sant sama ñaari way-jur.

SONN NAA

Sonn naa lool
Guddeek bëccëg
Maa ngi daw
Ngir sama njaboot
Talatuma lekk
Talatuma naan
Ndax di daw
Lu jëm ci kër gi.
Guddeek bëccëg
Maa ngi ci njaay mi
Ngir njaboot gi baña xiif
Baña taxawaalu
Ma takk sama ndigg
Di daw fu ma tollu.
Su ma téddee guddi
Di xalaat coonoy kër gi
Samay nelaw jeex
Ma werekeekk
Su bëccëgee ma ne
Sigeet wow kong
Dellu ca xél ya.
Leeg-leeg ma miir
Bëgga daanu, jafandu ci bantu jom
Ba taxaw, naan kaasub muñ
Dellu ca xél ya
Lépp ngir njaboot
Bëgguma ku xul sama njaboot

Bëgguma ku ko jàmbat
Bëgguma ku ko xool bët bu ñaaw
Koo xool ba ne moo màndu
Waxtaan ak moom
Weeru nga
Maa sonn guddeek bëcceg
Maa ngi daw
Ngir sama njaboot.

NAQAR AK GÀCCE

Céy baay, lii noo ko mēne
May nga ma xasu àddina
Ba ci samay sētaat
Samay nopp, nga jël yaay
Ci farata ak sunna
Noppa mag boroomam
Waaye jamono jii
Kaay ma may laa jafe
Waaye kaay ma wax la yomb na.
Yaay mel na mu wara mel
Gàcce ngaalaama yaay !

Baay, nga séetal ko céet lu réy
Yàggul dara
Yàlla weddi séy ba
Fekk yaay wann lor
Ba mu am ñetti weer
Mu ñibbi, ñu teg ca
Juróom benni weer
Ma gane àdduna.
Yaw baay nga laal kaw
Laal suuf Ne juruloo ma

Céy baay lii noo ko mēne.

May nga ma xasu àddina
Ba ci samay sētaat

Samay way-jur
Am naqar wu rey
Dippe ma la
May am Móodu
Tey jigéen
Ma màgg, am naqar
Am gâce.

Céy baay lii noo ko mène
May nga ma xasu àddina
Ba ci samay sètaat
Su ma génnee
Ñu ma romb ci mbedd mi
Doon seen waxtaan,
May ànd ak samay moroom
Ñu naan ma Móodu
Te may jigéen
Mu diw naqar ak gâce
Di metit wu tar.
Baay soo ma rombee
Doo ma xool
Ndax gâce.

Xamoo sama kanam mel
Xanaa nga di ma sàcc di xool.
Doo xam mukk
Nu ma mel.
Moone yaw la niru
Dégg nga ko
Amuma ma sant, sama fit du toog

Ma dëkke xalaat
Sama kanam gi di saxar
Fu ma tollu
Duma ree mukk
Ñépp ne damaa bon.
Mat naa dugg
Néegu séy waaye
Kenn du ma seet.
Ñu ne duma séy
Ndax baaxu ma jikko
Duma fo
Duma ree
Waaye maa xam lu tax,
Naqar ak bänneex duñu ànd.
Su ma xuloo ñu xas ma
Te duma mēna fayyu
Baay may nga ma xasu àddina
Ba ciy sētaat.

Ndey Penda Léy

AY MAN AK BITIM RÉEW

Duma fàtte mukk ngoon ga ma
Sama boroom-kër yëgalee
Ne day waaja dem bitim réew,
Ma tiit, xalaat wéetaay
Ak njaboot gu sew gi
Muy dalal sama xel.
Naan ma : "Di dem, di ñëw
Di indi lu ne gänñ,
Nuy tedd, moo gën lii nu nekke"
Ay man ak bitim réew.

Duma fàtte mukk bëccëg ba
Sama boroom-kër doon tàggu,
Mu wóor ma ne lay jeex na
Gëm Yàlla rekka fi sës
Sama rangoon yiy bis-bisi
Njaboot gu sew gi wër ko di jooy.
Muy dalal sunu xel
Naan "duma yàgg
Su may am di ñëw"
Naan ma : "Yaw sama soxna
Na nga muñ.
Bul dégg, bul gis,
Bul dem, bul dikk
Duma yàgg, bu may am di ñëw".
Ndeketeyoo buy dem di ma fàtte,

Ay man ak bitim réew.

Jaaxle naa, sama njaboot tumurànke,

Ay lii kañ lay jeex ?

Bindul, yónneewul,

Sama boroom-kër fàtte ma,

Fàtte sama njaboot.

May daw añ, di daw reer

Di daw mbubb, di daw dàll,

Jaay naa guddi, naa jaay bëccëg

Muñ naa ba sës

Te bëggumaa def dara lu ñaaw.

Bu guddee duma nelaw,

Di walbatiku ba bërsët,

Balaa sama xol di jeex

Kori walla Tabaski jot.

Kori, gone yi bëgg mbubb,

Bëgg dàll Tabaski, gone yi bëgg xar

Ak baay bu ko rendi

Ay man ak bitim réew.

Sama boroom-kër, xamuma ci loo nekk,

Loo mën di nekke umpul Yàlla,

Mani tam li ma nekke umpul Yàlla.

Ñi may séentu, di ma xaar ci lu ñaaw

Yàlla nañu xàddi,
Yàlla buñu gis dara lu ñaaw,
Yàlla na ma Yàlla setal,
Sellal ma.

Ndey Sekk

NAQAR YÀGG NA CI ÀDDINA

Ma gis ki ma bëgg
Mu bëgg ma
Nu bëggante, baay bóoy may ma ko
Ci farata ak sunna
Nuy séy séy bu neex
Ba am benn doom
Baay faatu, Yàlla na ko
Yàlla yëram.
Yaw yaay bóoy nga xéy
Ne ma : "sa jëkkër jii
Bëgguma ko".
Xoolatoo ko
Gisatoo ko.
Lu mu indi ci kër gi
Leneen la lay xeeñ
Ndax ni nga ko bañe
Te defula dara
Yaay, yàq nga sama àddina.

Xanaa ma dëkke naqar sama giiru dund
Ma bëgg sama jëkkër
Mu bëgg ma lool
Mayatoo nu jàmm,
Lu ñaaw lu ne
Nga di ko def
May muñ
Sama jëkkar di muñ
Nuy dem ba metit wi gëna tar

Sama diggante ak yaw
Te delluwuloo Gannaaw.

Ma xalaat xam ni
Maay mag ci kër gi
Bu lu ñaaw amee ci kër gi
Bu sama rakk yi
Màggee jaar ci,
Ma muñ boole lu ma naqari
Ak lu ma neex.
Ñaan baat, tas séy bi
Nekk ci kër gi di muñ.
May yaakaar
Nga soppeeku
Delloo ma sama jëkkër.
Ma defe ne di nga seet
Ci sunu doom ji
Ndekete yaa ngi seet ki la neex.
Bés nga ne ma kii laa lay may
Ma ne la, may ma ma seet
Ki ma bëgg
Nga ne ma : "boo séyulee
Ak kii ma neex
Nu tàggoo àddina ak àllaaxira".
Yaay yàq nga sama àddina
Xanaa ma dëkke naqar sama diiru dund.

Yaay bóoy, ma séyak sa waay
Fukki at ak juróom ñett
Amunu doom

Sama benn doom
Bi ma amoon
Won ma gannaaw
Xamuma xamuma ko.

Ma dëkke naqar sama diiru dund
Yaay, sa waay ji
Nga ma may
Defalu ma dara.
Waay ji nga ma may
Defalu ma dara, maay wodd sama bopp
Di defal sama bopp lépp.

Ma nekk fa ak torate.
Yaay bóoy boo taseek
Baay Àllaaxira
Xamuma loo koy wax.
Alxamdulilaay séy bi tas na
Waaye maa ngi nii di taxawaalu
Yaay yàq nga sama àddina
Xanaa ma dëkke naqar sama diiru dund.

CÉY LII

Céy noo jommi, noo jaaxle
Ci metitu jafe-jafey jamono
Nu bëgg suqali sunu réew
Ba kenn ku nekk ci nun
Mëna teete njabootam.
Dafa mel ni ndaw sii
Ñu nu booleel
Mu war noo teete
War noo jaarale
Ci yoon wu leer
Ba nu wara mëna
Suqali sunu réew
Mëna saytu sunu njaboot
Ndaw soosu taxaw
Ci dugal nu ci lëndëm
Jaxase sunu xel
Lëmbaaje sunu xol
Ba dunu xamati
Fu nuy jaar.

Dooroon nanu di jàng
Ci sunu làkku réew
Bi nu demee bay wara
Yewwu ci lu bari
Ndaw soosu taxawaat ci sunu xel
Lëmbaaje nu
Ba dolli nu jaaxle
Ndax nu mëna baña

Xam fu nuy jaar
Ak fu nuy teg sunu tànk
Ba suqali sunu réew
Mëna saytu sunu njaboot.

Ndaw sii moo nu sonal
Noo ngi ñaan ndimmal
Mëna yeggale
Sunu njàng ci sunu làkku réew
Ba xam sunu wareef.

Ak li nu moom, ràññatle bu baax
Mbiriim njiiteef ak
Warugari ñi nu jiite
Ndaw sii moo nu sonal.

Awa Seen

SUNU NOON

Dëkk bépp benn lañuwoon
Nu bokk ndey
Bokk baay
Bokki xalaat
Nun ñépp nu bokk
Dugg ci genn gaal
Ndeketeyoo dugg nanu
Ak sunu noon.
Noon bi nag
Doon ki nu jiite
Mu gàbb santaam
Di gor gaal gi
Ndax bëgg gaal gi diig
Ab njiit lu doon sa noon
Lii de doy na waar.

Bi nu demee ba finaliku ko
Ràññee ko
Nu jël sunuy matukaay
Ngir baña diig biir géej.
Njiit lii def noon bu mat noon
Ndax noon bu la jiite
Nan ngay jànkonteek
Moom ba du la gaañ ?

Xàjjale ? nanu
Ba mënatonoo bokk xalaat.
Ñu ci góor-góorlu ba ànd

Mu dikk ci seen biir di yàq.
Njiit lii def noon
Bu mat noon
Nu nuy def ak moom
ba mu génn`suñu biir ?
Nun daal jaaxle nanu
Jiiteetu nu ludul
Di nu noonale.

Jukkib taalifi jigéeni kaw gi bakk na ci nasi kuréelu TOSTAN ngir yëkkati ak fésal baatu jigéen ci Senegaal, sunu réew, ci Afirig ak àddina bépp ngir ñi ci amul baat am baat, ngir ñi ci ne cig lëndëm dajeekeer, ngir ñi ci réer gindeeku.

Téere bii ngi am ci pas-pasu jigéen ñi, ci taxawaayu PÉNC, ci ndimbalal OXFAM/AMERICA. TOSTAN, mi di ndeyu mbill gi, mi ngi leen di sant, sargal, delloo njukkal ci seen taxawaay ak farlu, gacce ngaalaama yéen ! Taalif yii dañuy saamandaay bëtub ndox bu bawoo fu ne ci xol ak xeli jigéeni kaw gi, di walangaan ngir baawaan naataange, bänneex, yokkute ak noflaay fii ci sunu réew, Senegaal, ci réewi Afirig, ci réewi àddina.

Jigéen ñi fippu nañu dëppook la Seex Aliyu Ndaw bindoon ca téereem ba Buur Tilleen. "Jamonoy tey daaguwul, doxul, ci xél yu rëy la ne ba aada ju fëxul topp ci mu ba la fa."

Tax na tey, jigéen ñi jóg di woy aka taalif seen wuute ak seen pas-pas ngir li di démb te du jariñ, du yokk, tóxu fi ba fàww.

LU JOT YOMB
TOSTAN.